

# Pwoteksyon sou Entènèt

## Pwoteje viprive w

1. Kenbe modpas ou prive
2. Tabli kontwòl sou viprive
3. Toujou dekonekte

## Pran Prekosyon Ak Sa W Pataje

1. Pinga pataje okenn enfòmasyon pèsònèl tankou non ou, adrès, nimewo telefòn, lekòl, nimewo sekirite sosyal, oubyen dat nesans.
2. Pinga pataje kòmantè inapwopriye, foto. Oswa videyo kòm yo kapab domaje repitasyon w pou plizye ane alavni.

## Pinga Pale Avèk Etranje

1. Limite “zanmi” w nan sit rezo sosyal pou moun ou konnen nan “mond reyèl” la.
2. Pinga louvri mesaj moun ou pa konnen.

## Pinga w Vin Yon Entimidatè

1. Se pou ou pozitif lè w afiche kòmantè sou entènèt.
2. Trete lòt jan ou ta vle pou yo trete w.

## Sekerite Sou Entènèt

1. Pinga itilize modpas ki fasil pou devine tankou sinon oswa non zannimo domestik.
2. Pinga itilize okenn enfòmasyon idantik prive kòm modpas. Vòlè idantite kapab vole enfòmasyon sa.
3. Pinga itilize okenn mo nan diksyonè kòm modpas. Pirat itilize pwogram ki pral eseye chak mo nan diksyonè pou devine modpas.
4. Itilize konbinezon lèt , chif, ak senbòl pou modpas ki pi pwoteje yo.



Medya Bon Sans ede fanmi fè chwa medya entelijan. Sit la ofri evalyasyon ak revizyon pou sinema, jwèt, aplikasyon, ekspozisyon TV, sitwèb, liv, ak mizik.



Edikasyon Bon Sens founi pwofesè ak lekòl avèk zouti pou salklas gratis pou ede elèv pran desizyon saj, entelijan, epi etik.



Bon sans mache avèk desidè, lidè endistri, lejislasyon, paran, ak pwofesè pou amelyore medya ak teknoloji pou tout elèv, fanmi, ak lekòl.



Grafite se yon platfòm pou edikasyon jwenn meyè aplikasyon, jwèt, ak sitwèb pou elèv.



Bon sans bay enfòmasyon san patipri, konsèy konfyan, ak zouti pou ede paran, pwofesè, avèk desidè pou fè chwa medya entelijan.

[www.commonsensemedia.org](http://www.commonsensemedia.org)

VILLAGE OAKS ELEMENTARY

## Sibè-entimidasyon



Sibè-entimidasyon se itilizasyon kontinyèl zouti kominikasyon-nimerik (tankou entènèt la ak telefòn selilè) pou fè yon lòt moun fache, tris, oswa pè.

### Kisa Fanmi Kapab Fè?

**Limite Sosyalizasyon Nan Entènèt**—genyen plis risk pou entimidasyon sou sit kote timoun kapab kominike ouvèteman. Chèche sit ki ofri opsyon sou konvèsasyon pre-ekri yo, tankou Webkinz oswa Club Penguin.

**Eksplikè Baz Pou Bon Konpòtman Sou Entènèt-Raple pitit ou ke fè move jan, fè manti, oswa di bagay an sekre pou fè lòt mal sou Entènèt oswa lè w pa nan Entènèt.**

**Raple pitit ou pou yo pa pataje modpas avèk zanmi yo**—Yon fòm sibè-entimidasyon komen se lè timoun pataje modpas, konekte sou kont lòt timoun, epi pran pòz se timoun nan yo ye.

**Asire yo pale avèk yon moun-yon timoun dwe di yon paran, pwofesè, oswa yon adilt yo kapab fè konfyans**—si y ap entimide yo sou Entènèt. **Ansenye Timoun Fason Pou Jere Sibè-entimidasyon-Pitit ou pa dwe janm vanje kont yon sibè-entimidasyon.** Raple yo pou kenbe evidans olye yo jete l, epi pale avèk yon adilt.

Enfòmasyon Medya Bon Sans Bay Sou Sibè-entimidasyon

## Kisa Paran Kapab Fè Pou Pwoteje Pitit Ou?

⇒ **Itilize Medya Bon Sans pou evalye epi revize fim, aplikasyon, jwèt, pwogram TV, liv, ak mizik.**

⇒ **Enstale pwogram ki genyen kontni pou bloke.**

**1. Pwoteksyon K-9 —Pwogram gratis pou bloke kontni, bay pwoteksyon sou pwogram malveyans, epi kontwole kontni pou evalye sitwèb.**

**2. Net Nanny— Pwoteje 1 aparèy pa ane pou \$12.99. netwaye kontni sitwèb, bloke videyo ak imaj ki pa apwopriye, maske betiz, epi kontwole aparèy tanzantan.**

⇒ **Kontwole òdinatè ak aparèy.**

⇒ **Limite lè sou òdinatè oswa televizyon.**

⇒ **Òdinatè ak pòtatif dwe plase nan yon lokasyon santral nan kay la, tankou chanm fanmi ou. Timoun pa dwe genyen òdinatè oswa aparèy nan chanm yo.**

⇒ **Diskite konsèy sou pwoteksyon kostamman avèk pitit ou sou konpòtman yo nan Entènèt.**

## Konbyen Lè Ekran Ki Bon Pou Pitit Mwen?

“Akademi Ameriken pou Pedyat (AAP) dekouraje lè ekran pou timoun ki anba laj 2 zan, epi konseye limite lè ekran pa jou de yonn a de zèdtan pou timoun ki pi gran. Rechèch montre yon lyen ant moun ki itilize medya anpil ak pwoblèm tankou obezite, manke dòmi, defi akademik, agresyon, ak lòt difikilte sou konpòtman”. (Medya Bon Sans)

### Eske W Konnen?

- 21% elèv nan ane klas K-2 genyen aksè telefòn pòtab.
- 71% adolesan fiy epi 67% adolesan gason ki voye oswa afiche kontni sijitif voye yo bay yon mennaj.
- 70% timoun ki depase laj 7 tan deja rankontre materyèl adilt sou entènèt pa aksidan atravè rechèch entènèt pandan y ap fè devwa.
- Yo tagèt ti fiy pi fasil nan sibè-entimidasyon ke ti gason.
- 65% timoun 8-14 zan daj deja angaje nan yon ensidan sibè-entimidasyon.

Estatistik soti nan GuardChild.com

